



Pou Piblikasyon Imedya: 13/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO DIREKTIV KI BAZE SOU DONE POU RE-OUVRI LEKÒL YO

Lekòl yo nan rejyon yo ki nan Faz IV ka re-ouvri si pousantaj enfeksyon chak jou a rete anba 5 pousan nan itilize yon mwayèn 14 jou

Lekòl yo ap fèmen si pousantaj enfeksyon rejyonal la ogmante plis pase 9 pousan apre 1ye out

Direktiv ak prensip jeneral Konsèy Konsiltatif Re-imagjine Edikasyon ak DOH ki finalize yo disponib [isit la](#)

1,08 Pousan Tès yo Te Fè Yè pou COVID-19 yo te Pozitif

10 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè

Konfime 557 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total nan tout Eta a rive 402,263; gen nouvo ka nan 38 Konte

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nouvo direktiv ki baze sou done pou re-ouvri lekòl yo nan Eta New York. Lekòl ki nan yon rejyon ka re-ouvri si rejyon sa nan Faz IV re-ouvèti a epi si pousantaj enfeksyon chak jou li rete anba 5 pousan oswa pi ba nan itilize yon mwayèn 14 jou piske poz la te leve. Lekòl yo pral fèmen si pousantaj enfeksyon rejyonal la ogmante plis pase 9 pousan, nan itilize yon mwayèn 7 jou, apre 1ye out. Eta New York pral deside fòm lan pandan semèn 1ye rive 7 out. Eta New York, Konsèy Konsiltatif Re-imagjine Edikasyon ak Depatman Sante te pibliye direktiv ak prensip jeneral ki finalize yo pou re-ouvri lekòl yo jodi a, ki disponib [isit la](#). DOH ak Konsèy Re-imagjine Gouvènè a ap travay sere avèk Depatman Edikasyon pandan l ap pibliye direktiv sou edikasyon. Plan pou re-ouvri lekòl yo bout 31 jiyè.

Sijè yo ke direktiv eta a abòde gen ladan:

- Mask/PPE
- Distans Sosyal
- Estrikti an Gwoup
- Restriktire Espas pou Maksimize Ansèyman nan Klas
- Sèvis Transpò

- Sèvis Alimantè
- Swivi ak Paraskolè
- Depistaj
- Trasaj
- Netwayaj ak Dezenfeksyon

Gouvènè Cuomo te bay moun New York yo tou dènye enfòmasyon sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 aktyèl la. Kantite nouvo ka, pousantaj tèz ki te pozitif ansanm ak anpil lòt pwen done itil toujou disponib nan [forward.ny.gov](https://www.forward.ny.gov).

"Tout moun vle re-ouvri lekòl yo, men ou ka sèlman re-ouvri si li san danje pou re-ouvri epi si done yo detèmine sa. Ou pa sèlman leve dwèt ou epi santi van an, ou pa gen yon enspirasyon, ou pa gen yon rèv, ou pa gen yon emosyon--gade done yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou teste plis epi nou gen plis done ke nenpòt eta. Si ou gen viris la anba kontwòl, re-ouvri. Si ou pa gen viris la anba kontwòl, lè sa ou pa ka re-ouvri. Nou pa pral itilize timoun nou yo kòm tèz desizif epi nou pa pral mete timoun nou yo nan yon plas kote sante yo andanje. Sa senp. Bon sans ak entèlijans ka toujou detèmine sa nou fè, menm nan anviwònman tèt chaje sa a. Nou pa pral itilize timoun nou yo kòm kobay. Sa mwen di ekspè yo senp anpil. M ap pran desizyon konsènan si mwen t ap voye oswa pa voye pitit fi mwen lekòl. Si li san danje, m ap voye li. Si li pa san danje, mwen p ap voye li. Epi ou ka deside sa atravè lasyans."

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 792 (-9)
- **Pasyan ki Fèk Entènè nan Lopital** - 60 (-15)
- **Lopital Konte yo** - 31
- **Kantite ICU** - 175 (+1)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 103 (+1)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 71,643 (+78)
- **Kantite Lanmò** - 10
- **Kantite Lanmò Total** - 24,989

Sou 51,687 tèz yo te reyalize nan Eta New York yè, 557, oswa 1,08 pousan, te pozitif. Pousantaj tèz pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo se jan nou pral site la a:

REJYON	VANDREDI	SAMDI	DIMANCH
Capital Region	1.2%	2.0%	0.9%
Central New York	1.7%	1.1%	1.0%
Finger Lakes	1.0%	0.8%	1.0%
Long Island	1.0%	0.9%	1.5%
Mid-Hudson	0.8%	0.9%	0.8%
Mohawk Valley	0.9%	0.8%	0.8%
New York City	1.0%	1.3%	1.1%
North Country	0.3%	0.4%	0.2%

Southern Tier	1.5%	0.6%	0.9%
Western New York	1.9%	1.0%	1.1%

Gouvènè a te konfime tou 557 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 402,263 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 402,263 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se jan nou pral site la a:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,225	6
Allegany	66	0
Broome	827	7
Cattaraugus	138	0
Cayuga	126	0
Chautauqua	171	1
Chemung	148	0
Chenango	169	3
Clinton	109	0
Columbia	487	1
Cortland	59	1
Delaware	92	0
Dutchess	4,280	4
Erie	7,766	24
Essex	51	0
Franklin	36	0
Fulton	265	0
Genesee	250	0
Greene	266	0
Hamilton	6	0
Herkimer	193	1
Jefferson	99	2
Lewis	31	0
Livingston	147	0
Madison	375	1
Monroe	4,200	23
Montgomery	133	1
Nassau	42,354	47
Niagara	1,342	2
NYC	219,301	250
Oneida	1,830	7
Onondaga	3,142	18
Ontario	302	2
Orange	10,841	6

Orleans	287	0
Oswego	222	2
Otsego	89	0
Putnam	1,365	4
Rensselaer	617	1
Rockland	13,719	3
Saratoga	610	8
Schenectady	868	4
Schoharie	62	0
Schuyler	15	0
Seneca	74	0
St. Lawrence	231	1
Steuben	276	2
Suffolk	42,112	84
Sullivan	1,465	0
Tioga	161	0
Tompkins	186	0
Ulster	1,862	3
Warren	280	3
Washington	249	0
Wayne	209	4
Westchester	35,327	30
Wyoming	102	1
Yates	48	0

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)